

BAB III

METODE PANALUNGTIKAN

Métode panalungtikan nya éta cara ilmiah pikeun nyangking data kalayan miboga tujuan jeung mangpaat anu tangtu. Cara anu dipaké ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikan disebut métode panalungtikan (Arikunto, 2010, kc.192). Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode déskriptif.

Métode déskriptif nya éta métode anu dipaké pikeun ngagambarkeun, ngajelaskeun, ngajawab pasualan-pasualan ngeunaan fénoména jeung peristiwa kiwari sakumaha ayana, atawa analisis hubungan antara variabel dina hiji fénoména (Arifin, 2011, kc.140). Aya ogé anu nétélakeun yén métode déskriptif mangrupa métode panalungtikan nu ngahasilkeun data déskriptif nu mangrupa data tinulis atawa lisan, ti informan nu ditalungtik. Ku kituna, data anu dihasilkeun mangrupa kekecapan jeung gambar, lain angka (Moleong, 2014, kc.4). Métode déskriptif dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun ngadéskripsikeun, ngajelaskeun, jeung ngumpulkeun data ngeunaan Tradisi Kuda Kosong.

Tradisi Kuda Kosong dijadikeun objék panalungtikan budaya ku lantaran ieu tradisi miboga ajén nu luhung saupama dititénan tina unsur-unsur. Dina raraga maluruh éta unsur jeung hal-hal séjén nu nyangkaruk dina éta tradisi, panalungtik ngagunakeun métode déskriptif. Ieu panalungtikan museurkeun panitén kana sajarah, prak-prakan helaran *Tradisi Kuda Kosong*, ajén budaya, jeung unsur sémiotik nu nyampak dina *Tradisi Kuda Kosong* di Kabupatén Cianjur, sarta larapna kana bahan pangajaran basa Sunda nya éta maca artikel budaya di SMA kelas XII.

Ku kituna, pikeun ngahontal tujuan panalungtikan, panalungtik ngagunakeun métode déskriptif.

3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan, nya éta rarancang nu dijieun ku panalungtik, minangka acuan kagiatan nu baris dilaksanakeun dina panalungtikan. Eusina nya éta léngkah-léngkah dina ngayakeun panalungtikan.

Panalungtikan ngeunaan Ajén Budaya dina Tradisi Kuda Kosong di Kabupatén Cianjur pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA kelas XII, maké métode déskriptif. Panalungtikan kualitatif di Indonésia katelah ku istilah panalungtikan *naturalistic*. Istilah *naturalistic* némbongkeun yén ieu panalungtikan dilaksanakeun dina kondisi alamiah, dina situasi normal teu dimanipulasi, jeung nekenkeun kana déskripsi sacara alami (Arikunto, 2010, kc.12).


Ieu di handap sababaraha cara dina panalungtikan, nya éta:

- a. Ngaidéntifikasi budaya nu bakal ditalungtik;
- b. Ngaidéntifikasi variabel data nu signifikan dina budaya nu ditalungtik;
- c. Ulikan pustaka;
- d. Miboga ijin pikeun ngayakeun panalungtikan;
- e. Mikawanoh sarta paham budaya;
- f. Néangan informan;
- g. Ngumpulkeun sarta nganalisis data, ngadéskripsikeun budaya, sarta ngamekarkeun tiori.

Panalungtikan ngeunaan Ajén Budaya dina Tradisi Kuda Kosong di Kabupatén Cianjur pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA Kelas XII ngagunakeun métode panalungtikan déskriptif. Nurutkeun Arikunto (2013, kc.3), kecap déskriptif asalna tina basa Inggris *to describe* nu hartina ngajelaskeun hiji hal, misalna kaayaan, kajadian, kagiatan, atawa hal séjén nu hasilna dijelaskeun dina wangun laporan panalungtikan.

Desain panalungtikan nu dilaksanakeun ngawengku prosés-prosés saperti ieu di handap.

Bagan 3.1 Desain Panalungtikan



3.2 Sumber Data jeung Tempat Panalungtikan

Arikunto (2010, kc.172) nétélakeun yén sumber data panalungtikan nya éta subjék data anu ditalungtik. Sacara gurat badag, sumber data ngawengku tilu hal nya éta : jalama (*person*), tempat (*place*), jeung kertas atawa dokumén (*paper*). Nurutkeun Lofland jeung Lofland (dina Moléong, 2014, kc.157) sumber utama dina kualitatif nya éta kekecapan jeung kalakuan, saterusna mangrupa data tambahan saperti dokumén,jrrd. Sumber data nu aya dina ieu panalungtikan nya éta hasil wawancara, jeung pupuhu paguyuban ogé bagéan panatacalagara nu aya dina tradisi kuda kosong di Kabupatén Cianjur, ogé skripsi ngeunaan tradisi kuda kosong di Kabupatén Cianjur, tapi béda puseur paniténa.

Dumasar kana éta hal, data anu dipaké dina ieu panalungtikan, nya éta:

- a. Kekecapan jeung paripolah informan nu diwawancara mangrupa sumber data utama. Sumber data utama di cangking ku cara ditulis, direkam, jeung difoto, jeung ngaliwatan prosés ningali, ngaregepkeun, jeung wawancara.
- b. Référénsi tinulis misalna buku, skripsi, tesis, arsip resmi, dokumén resmi, jeung hasil karya tinulis kategori ilmiah séjénna.
- c. Foto mangrupa salah sahiji data panalungtikan nu biasana dipaké dina panalungtikan sangkan hasilna bisa dianalisis. Kiwari lantaran téknologi geus beuki maju, sumber data panalungtikan lain ukur foto, tapi bisa wangun rékaman sora atawa vidio. Nurutkeun Bogdan jeung Biklen (dina Moleong, 2014, kc. 160) aya dua foto nu bisa dimangpaatkeun dina panalungtikan, nya éta foto hasil moto batur, jeung foto hasil moto panalungtik.
- d. Data statistik mangrupa sumber data pikeun panalungtik sangkan data hasil panalungtikan akurat, ilaharna bisa méré informasi ngeunaan masarakat tina wanda, agama, pakasaban, Jrrd.

3.2.1 Informan

Informan nya éta jelema anu méré informasi ngeunaan kondisi jeung situasi panalungtikan, anu apal kana hal nu rék ditalungtik tur sadia diwawancara.


Tabél 3.1 Data Informan

No	Wasta	Umur	Alamat	Atikan	Pakasaban	Kalungguhan
1	Abah Ruskawan	56	Kp.Liyo, Rt.02 /Rw.02, Désa Sukasari, Kecamatan Karang Tengah	S2	Kepala Sekolah	Pupuhu Paguyuban Pasundan/Pupuhu Komda (Cianjur, Sukabumi, Bogor).
2	Drs.Dadang Ahmad, M.Ag	49	Kp.Panembong Cianjur.	S2	Dosen	Pupuhu Tradisi Kuda Kosong

3.2.2 Lokasi Panalungtikan

Lokasi dina ieu panalungtikan perenahna aya di Kecamatan Cianjur , Kabupatén Cianjur. Kecamatan anu legana 26.16 Km^2 . Jumlah pendudukna 162.474 urang, nya éta awéwé 79.669 urang, lalaki 82.805 urang. Wates Kecamatan Cianjur sacara geografis, nya éta:

- Belah kalér, watesna Kecamatan Mande
- Belah wétan, watesna Kecamatan Warungkondang
- Belah kidul, watesna Kecamatan Karangtengah
- Belah kulon, watesna Kecamatan Cugenang



Gambar 3.1 Peta Kecamatan Cianjur

3.3 Ngumpulkeun Data

3.3.1 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta (a) catetan lapangan, (b) padoman wawancara, jeung (c) alat rékam.

a. Catetan lapangan

Catetan lapangan nya éta catetan tinulis ngeunaan naon anu kadangu, katingali, kaalaman, jeung kapikiran dina raraga ngumpulkeun data jeung hasil kana data panalungtikan kualitatif. Hal mimiti dina catetan lapangan eusina nya éta judul informasi, tempat panalungtikan, panalungtik, jeung idéntitas informan. Hasil panalungtikan di lapangan dicatet pikeun dijadikeun sumber data dina panalungtikan tradisi kuda kosong di Kecamatan Cianjur, Kabupatén Cianjur.

Catetan Lapangan	:
Pengamatan/Wawancara	: L/P
Waktu	: tanggal-bulan-taun, jam
Tempat	:
Subjék Panalungtikan	: kalungguhan, wasta
(déskriptif)	
.....	
.....	
.....	
(réfléktif)	
Sawangan panalungtik	
.....	
.....	
.....	

Gambar 3.2 Catetan lapangan panalungtikan

b. Padoman Wawancara

Pedoman wawancara, nya éta runtuyan hal nu bakal ditanyakeun ka narasumber ngeunaan objék nu ditalungtik. Téhnik wawancara anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta téhnik wawancara terbuka. Sabab, dina ieu panalungtikan wawancara dumasar kana patalékan anu jawabanna teu kawatesanan. Conto, wawancara anu ngagunakeun patalékan pikeun meredih sawangan atawa kamandang hiji jalma.

Narasumber atawa informan nu diwawancara idéntitasna kudu ditulis. Informan atawa narasumber dipilih kalawan tinimbangan nu tangtu. Di antarana miboga kalungguhan husus di Paguyuban Pasundan sarta sadia méré informasi nu dibutuhkeun ku panalungtik pikeun panalungtikana. Téhnik wawancara nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik wawancara informal jeung wawancara ngeunaan riwayat boh sacara lisan atawa tinulis. Patalékan anu dipidangkeun ngeunaan asal-usul, prak-prakan, parobahan dina tradisi kuda kosong di Kabupatén Cianjur.

Tabél 3.2 Kisi-Kisi Wawancara

No.	Aspék	Sub-aspék	Patalékan Dina Nomer
(1)	(2)	(3)	(4)
1	Sajarah jeung asal-usul tradisi kuda kosong.	1) Asal-usul tradisi kuda kosong. 2) Kamekaran tradisi kuda kosong.	1 2
2	Prak-prakan tradisi kuda kosong.	3) Lokasi kuda kosong 4) Anu ilubiung dina mintonkeun tradisi kuda kosong. 5) Waditra anu dipaké dina tradisi kuda kosong. 6) Pakéan jeung properti nu dipaké dina tradisi kuda Kosong	3 4 5,6 7 8,9

(1)	(2)	(3)	(4)
		7) Simbol nu aya dina properti dina tradisi kosong.	10
		8) Ajén budaya dina tradisi kuda kosong	11
		9) Acara nu mintonkeun tradisi kuda kosong.	12
		10) Kalungguhan ritual saméméh mintonkeun tradisi kuda kosong.	13
		11) Prak-prakan lumangsugna tradisi kuda kosong.	14
3	Sawangan kana parobahan dina tradisi kuda kosong.	12) Pangaruh kamajuan jaman kana tradisi kuda kosong. 13) Cara nurunkeun tradisi kuda kosong ti jaman bihari nepi ka kiwari.	15 16,17

Format laporan wawancara nya éta ieu di handap.

1. Idéntitas informan

Wasta :
 Umur :
 Alamat :
 Atikan :
 Pakasaban :
 Kalungguhan :

2. Pertanyaan ngeunaan asal-usul, prak-prakan, jeung sawangan kana parobahan dina tradisi kuda kosong di Paguyuban Pasundan.

- 1) Kumaha asal-usul tradisi kuda kosong?
- 2) Kumaha kamekaran tradisi kuda kosong di Paguyuban Pasundan?
- 3) Dimana tradisi kuda kosong dilaksanakeun?
- 4) Saha waé anu ilubiung dina tradisi kuda kosong ?
- 5) Naon waé pancén nu ilubiung dina tradisi kuda kosong?
- 6) Waditra naon waé anu dipaké dina tradisi kuda kosong?
- 7) Properti naon waé nu aya dina tradisi kuda kosong?
- 8) Kumaha pakéan nu dipaké dina tradisi kuda kosong?
- 9) Simbol naon waé nu aya dina properti nu dipaké dina tradisi kuda kosong?
- 10) Ajén budaya naon waé nu nyangkaruk dina tradisi kuda kosong?
- 11) Kumaha prak-prakan pintonan tradisi kuda kosong?
- 12) Dina acara naon waé biasana tradisi kuda kosong minton?
- 13) Kumaha ritual saméméh tradisi kosong dipintonkeun?
- 14) Kumaha pangaruh kamajuan jaman kiwari kana tradisi kuda kosong?
- 15) Kumaha cara nurunkeun salah sahiji titinggal karuhun nya éta tradisi kuda kosong ka para nonoman?
- 16) Naon sababna cara nurunkeun tradisi kuda kosong ngalaman parobahan ti jaman bihari nepi ka jaman kiwari?

c. Alat Rékam

Alat rékam nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta *handphone* pikeun ngarékam sora, moto, jeung vidéo.

3.3.2 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data mangrupa alat nu dipilih jeung dipaké ku panalungtik dina kagiatan ngumpulkeun data supaya kagiatan jadi sistematis sarta leuwih gampang dibeunangkeun ku panalungtik (Arikunto, 2013, kc.265). Téhnik dina ieu panalungtikan, nya éta: studi pustaka, observasi, wawancara, jeung dokuméntasi.

Studi pustaka, nya éta néangan sumber informasi tinulis nu kaasup dina wanda karya tulis ilmiah, sumber nu dipaké mangrupa buku, dokumén, Jrrd.

Data nu geus aya tuluy dianalisis pikeun néangan informasi, tiori, sarta solusi pikeun masalah panalungtikan. Studi pustaka mangrupa léngkah mimiti dina néangan informasi yén tradisi kuda kosong di Kabupatén Cianjur pernah ditalungtik atawa acan. Tina studi pustaka panalungtik meunang informasi yén tradisi kuda kosong di Kabupatén Cianjur can kungsi ditalungtik pikeun skripsi.

Léngkah satuluyna nya éta observasi. Observasi mangrupa kagiatan nu museurkeun panitén kana data nu aya. Observasi nu dilaksanakeun dina ieu panalungtikan nya éta observasi partisipan.

Wawancara nya éta hiji komunikasi nu lumangsung antara dua jalma atawa leuwih pikeun meunangkeun informasi jeung ide ngaliwatan kagiatan tanya jawab. Dina ieu téhnik wawancara, panalungtik kudu nyiapkeun patalékan anu bakal ditepikeun ka informan, ngeunaan hal-hal nu aya patalina jeung panalungtikan. Jawaban anu katarima ti informan, jadi data panalungtikan pikeun panalungtik.

Panalungtikan ilaharna dideudeulan ku dokuméntasi. Dokuméntasi jadi panglengkep dina prosés panalungtikan, saperti dokumén, foto, gambar, jeung vidéo.

Dumasar kana téhnik anu didadarkeun di luhur, ngumpulkeun data dilaksanakeun ngaliwatan tahap-tahap ieu di handap.

- 1) Maluruh informasi tinulis ngeunaan tradisi kuda kosong di Kabupatén Cianjur;
- 2) Ngilu ilubiung dina kagiatan tradisi kuda kosong. Dina ilubiung éta panalungtik ngayakeun ogé observasi;
- 3) Maluruh informasi ngeunaan tradisi kuda kosong di Kabupatén Cianjur;
- 4) Wawancara jeung informan anu bisa dipercaya informasina;
- 5) Kagiatan anu penting didokuméntasikeun ku panalungtik.

3.4 Analisis Data

Analisis data nya éta prosés néangan sarta nyusun sacara sistematis hasil data wawancara, catetan lapangan, jeung bahan-bahan séjén, sangkan gampang dicangkem, sarta pamanggihna bisa diinformasikeun ka batur. Sanggeus data dikumpulkeun, tuluy diolah ngaliwatan léngkah-léngkah saperti ieu dihandap.

- 1) Niténan data nu dikumpulkeun ngaliwatan studi pustaka, observasi, wawancara, jeung dokuméntasi;
- 2) Nyieun transkrip rékaman;
- 3) Maluruh sasaran sarta bédana data-data anu geus dikumpulkeun, sarta nyieun papasingan data ngaliwatan observasi, wawancara, jeung dokuméntasi;
- 4) Nganalisis data;
- 5) Ngadéskripsikeun data;
- 6) Napsirkeun data, jeung;
- 7) Nyieun kacindekkan.